

## PWOLONGASYON RABÈ SOU MONTAN NOVANM NAN

Poutèt Siklòn Irma, Gouvènè Rick Scott te siyen Dekrè-Lwa 17-235 la. Konfòmeman a otorite yo akòde li nan Dekrè-Lwa 17-235 la, Depatman Revni Florida (Florida Department of Revenue), nan dat 6 septanm 2017, te sòti yon Òdonans Dijans ki aplike dispozisyon Dekrè-Lwa 17-235 la. Òdonans la, ak amannman ki vin fèt ladan apre yo, te sispann delè yo epi li te otorize pwolongasyon nan pwosede apwobasyon bidjè a, ak etablisman to pa mil ak prelèvman espesyal otorite fiskal lokal yo fikse yo.

Otorite fiskal lokal yo sèvi avèk pwolongasyon Dekrè-Lwa a pou fè odyans epi pou apwouve bidjè, to pa mil ak prelèvman espesyal yo chak pou prelèvman baze sou valè yo ak sa ki pa baze sou valè yo. Pwolongasyon otorize sa yo pote kòm konsekans reta nan kalkil ak preparasyon avi taks ànyèl yo ke Pèseptè a nòmalman poste nan dat 1<sup>ye</sup> novanm pou pi ta.

Lwa Florida 197.162 egzije pou yo pwolonje peryòd rabè maksimòm 4% sou peman bonè a 30 jou apati premye avi taks la. Peryòd 30 jou rabè maksimòm 4% an ap kòmanse **14 novanm pou fini 13 desanm 2017**, jan sa parèt sou bòdwo ki anndan anvlop sa a. Rabè 3% desanm nan ap aplikab kòmanse 14 desanm rive 31 desanm 2017. Apre sa, rabè ak frè reta nòmal Lwa Florida 197.162 la prevwa yo pral reoran (sa vle di, 2% an janvye, 1% an fevriye, 0% an mas). Dènye jou pou peye taksak prelèvman sou pwopriyete yo anvan ou vin an reta se 31 mas 2018, epi tout taks ak prelèvman ki pa peye ap vin an reta 1<sup>ye</sup> avril 2018.